

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sajak Sunda Periodeu 1949-1962 kagambar napak tina kaayaan sosial dina mangsa harita. Upama dianalisis téma dina sajak éta periodeu eusina nyaéta (1) kacinta ka lemah cai jeung tatar Sunda, (2) Kacinta ka sasama manusa, (3) kamanusaan, (4) gorombolan, (5) falsafah hirup, jeung (6) Pati. *Tone/nada* anu dianalisis dina sajak ngawengku sikep formal, sikep raket, jeung sikep umaing. Sedeng hal anu ditepikeun dina sajak ngawengku hal anu ironi, kabuka, daria, satir, jeung séntimental.

Sajak anu témana kacinta ka lemah cai jeung tatar Sunda aya 3 sajak. Téma kacinta ka sasama manusa ogé aya 3 sajak. Sajak anu ngandung téma kamanusaan 2 sajak. Sedengkeun sajak ngeunaan gorombolan diantaranya gambaran (1) kasiunan, (2) nasib nu ngungsi, (3) katunggaraan, jeung (4) kasadrahan. Téma nu ngagambarkeun rasa sieun subjék rumpaka aya 10 sajak. Téma sajak gorombolan anu ngagambarkeun nasib nu ngungsi ka kota lantaran di lembur diganggu aya 2 sajak. Anu eusina katunggaraan aya 1 sajak téma gorombolan anu kacida tunggara nu dirasakeun ku subjék rumpaka. Téma ngeunaan kasadrahan tina rupa-rupa gangguan aya 1 sajak. Téma sajak ngeunaan palsafah hirup aya 2 sajak jeung sajak anu ngandung téma pati nu miang tina kasangsaraan aya 1 sajak.

Salian ti hasil analisis téma dina sajak, hal anu dianalisis nyaéta *tone/nada* nu ngawengku sikep jeung hal anu ditepikeun ku pangarang. Hasil analisis sajak ngawengku sikep formal aya 11 sajak, sikep raket aya 11 sajak, jeung sikep umaing aya 3 sajak. Sedengkeun hal anu ditepikeun ku pangarang anu ironi aya dina 5 sajak, hal anu kabuka/nembrak aya dina 17 sajak, daria aya dina 18 sajak, satir aya dina 20 sajak, jeung séntimantal aya dina 19 sajak.

Aspék sosial nu dianalisis nyampak dina sajak periodeu harita dumasar kana fakta kamanusaan nu karekam ngaliwatan sajak di antarana

(1) fakta politis, (2) fakta sosial-ékonomi, (3) fakta kultural, (4) fakta filosofis, jeung (5) Fakta éstétis.

Fakta-fakta sosial nu nyampak di antarana fakta politis kagambar posisi pamaréntah teu bisa méré pangaruh anu géde antukna masarakat aub pikeun numpes gorombolan ku cara *pager bitis*. Sacara politis nu ngagerakeun masarakat milu ngalawan gangguan lantaran mibanda rasa anu: (a) sarua matuh di tanah Sunda, (b) sarua dulur sorangan nu jadi korban, (c) sarua geus lila digangguna, jeung (d) sarua ngarasa teu puas ku tarékah pamaréntah dina numpesna.

Fakta sosial anu nyampak dina sajak-sajak anu ngagambarkeun (1) gangguan jeung ancaman ka masarakat, hal anu kaganggu diantarana tina pakaya, pakasaban, jeung imah. Sedengkeun waktu anu kagambar réana gangguan dina waktu peuting. (2) Rasa sieun jeung bingung nu dirasakeun ku masarakat, (3) Nasib nu kadungsang-dungsang néangan panyumputan, kaasup nu ngungsi ka kota. (4) Kaayaan ékonomi nu werit, digambarkeun nu kalaparan jeung karugian. (5) Masarakat anu boga karep minangka tarékah numpes gorombolan. Jeung (6) pangalaman traumatis anu ngajadi karya sastra.

Kultur-kultur masarakat nu kagambar dina sajak nu dianalisis diantarana nu patalina jeung karakter nyaéta (1) masarakat anu teu pamrih dina ngabéla lemah caina, (2) réligius, (3) mibanda rasa sumanget nu ngagedur, (4) ngaguneun étika jeung tata karma. Kultur nu patalina jeung kabudayaan nyaéta (5) sumebar carita wayang, (6) pancakaki, jeung (7) pagawéan.

Fakta pilosofis mangrupa ajén kahirupan nu nyangkaruk di sajeroeun sajak. Fakta anu digambarkeun tina sajak nu dianalisis nyaéta hal anu patalina (1) amarah, (2) pamaréntah, (3) korban nu diganggu, (4) hirup nu papasangan, (5) kapancegan diri, (6) silih nguatkeun, (7) takdir, (8) ngumpamakeun, jeung (9) pati.

Fakta éstétis nu kapanggih dina sajak-sajak panalungtikan nyaéta sajak anu ngagambarkeun (1) kaéndahan alam, (2) ma'na konotasi, (3)

répetisi, (4) imaji, jeung (5) purwakanti. Éta fakta nyampak boh tina téks sajakna, boh tina eusi sajakna.

Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra kaasup siswa ngaaprésiasi unsur pangaweruh sajak, nyaéta téma, suasana, imaji, simbul atawa perlambang, wirahma atawa purwakanti, jeung gaya basa. Tina hasil karya anu ditulis ku siswa lain wungkul ngébréhkeun eusi batinna, tapi ngaréspon rupa-rupa nu kajadian sosial sangkan ditulis dina karya wangun sajak jeung siswa dipiharep bisa ngarespon tina sajak anu aya ngajadi karya séjén anu ngahudang kréativitas siswa.

5.2 Saran

Téma nu diangkat dina sajak Sunda kacida euyeubna. Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi tatapakan pikeun panalungtikan satuluyna. Kagambar aspék-aspék pikeun maluruh sastra jeung perluna maluruh fakta-fakta sajarah nu nyampak dina karya sastra. Ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran nulis sajak sangan siswa SMA/SMK/MA dina nulis sajak napak kana kaayaan sosial dina mangsana.